

Yon lèt ouvèt pou moun ki viktim kadejak oubyen moun yo fè komès ak yo:

Yon bagay terib rive w, yon bagay ki pa ta dwe janm rive nenpòt moun. Genyen moun ki travèse eksperyans doulourez menm jan av[^k ou, e ki konnen ke se pa fòt pa yo. Malerezman, gen anpil lòt moun ki santi yo wont, ki rayi pwòp tèt pa yo, e menm genyen pami moun sa yo ki kwè san rezon ke soufrans sa y ap andire an se pinisyon Bondye ta ba yo. Se pou rezon sa a, noumenm, nou ta renmen reponn detwa kesyon enpòtan piba sa yo.

Alò, pouki sa pou moun ap blame pwòp tèt pa yo?

Se fason sa a kèk moun rive santi yo gen kontwòl yon sityasyon terib. Pa ekzanp, yo kapab panse si yo trè bon, oubyen si yo regrèt anpil, oken lòt malè pa pral rive yo ankò. Men, se pa jis pou w ap blame pwòp tèt pa ou. Sityasyon sa kapab epuize tou enèji sa w bezwen an pou w konsidere kijan w pral jere soufrans ou santi a.

E si se mwen ki te komèt yon sòtiz oubyen yon erè ki lakòz yo vyole m ou kidnape m?

Kèlkeswa sa w te fè a, okenn moun pa gen dwa pou yo fè kadrejak sou ou, oubyen kidnape w. Moun sa kif è w mal lan, li komèt yon krim, e nan divès peyi, y ap jete l nan prizon pou sa. Gen yon zak kriminèl yon moun poze, epi ou se viktim lan. Si w santi w fache, se pou w fache kont zak la oubyen kont kriminèl la. Ou pa dwe fache kont pwòp tèt pa w. SEL MOUN pou w blame, se moun sa yo ki laklòz w ap souffri an.

E si se fanmi m ak zanmi m yo k ap blame m pou sa?

Se youn nan sityasyon ki pi grav ki kapab rive lè se zanmi oubyen fanmi k ap blame viktim lan olye pou se kadrejakè an oubyen kidnapè an pou yo ta ap blame. Si yo li tèks sa a, yo kapab kòmanse konprann ke SE PA fòt pa ou. Men si zanmi ak fanmi pa janm sispann blame w, oumenm, ou dwe sispann blame pwòp tèt pa ou, pou w kapab kòmanse geri.

Èske malè sa a te rive m paske se Bondye ki te vle pini m?

Non Anpil pami nou grandi pandan n ap panse ke Bondye enfiniman saj e puisan, menm jan ak yon bon papa k ap rekonpanse nou lè nou fè byen, e k ap pini nou si nou fè peche. Konsa, si yon malè rive nou, anpil pami nou kwè ke se Bondye, limenm, k ap pini nou. Men oumenm, ou kapab konnen anpil moun ki mechan, e ki pa jwenn pinisyon pou krim sa y ap komèt yo, menm jan ou konnen tou anpil moun ki bon, ki inosan, men ki ap souffri anba anpil maladi, ki viktim anba anpil trajedi. Konsa, ou konnen se pa toujou Bondye ki rann jistis nan lavi sa a. Anplis sa, pa gen anyen yon moun fè, ki merite pou y ap fè kadejak sou li, oubyen pou y ap kidnape li, paske pèsòn pa merite pou yon lòt moun ap komèt zak konsa sou yo.

Pouki sa Bondye pèmèt pou yon moun viktim anba zak kadejak oubyen kidnaping?

Bondye kreye yon mond kote chak moun lib pou l chwazi, limenm, kisa li vle fè; konsa gen moun ki chwazi pou yo se kadejakè oubyen kidnapè.

Yo te vann mwen kòm yon esklav pou m ka peye dèt mwen te koze paske m te dezobeyi Bondye. Eske se pa Bondye ki te pèmèt yo vann mwen?

Bondye te kreye yon mond ke divès lwa lanati ap gouvène. Sa vle di genyen divès “dezas natirèl” tankou inondasyon ak sechrès k ap mennen moun nan povrete ak nan dwe anpil kòb. Bondye pa t kreye dezas, ak katastwòf, ak povrete pou l pini moun.

Men èske Labib pa di nou ke Bondye pini moun ak inondasyon ak sechrès?

Wi, se vre, men ansyen yo te ekri Labib lan anvan syantis yo te vini konprann e aprann lwa lanati yo. Lè, pa ekzanp, gen inondasyon, tout kalite moun soufri, moun ki bon menm jan ak moun ki mechan. Poukisa pou Bondye ta pini yon bann moun inosan pou l kapab sèlman bay mechan yo yon leson?

Epi, èske Labib pa di genyen pwoteksyon pou tout moun k ap “mache travèse vale lonb lanmò a?”

Si nan la priyè w, ou mande pwoteksyon e ke ou pa jwenn li, sa pa vle di ke Bondye ba w vag oubyen li pini w.

Nan divès sitiyasyon danjrez, tankou nan lagè, pa ekzanp, anpil sivil ak sòlda ki se bon moun kapab blese, menmjan ak sa ki mechan yo. Bondye ap mache avèk nou, l ap travèse avèk nou tout move andwa nan tout moman difisil pou l ban nou plis fòs.

Kisa pou m fè pou m santi m pi byen?

- Kòmanse padone pwòp tèt pa ou. Anpil malè deja rive w: sispann fè tèt ou piplis mal.
- Pa kite kòlè ak doulè ogmante doulè ak dezespwa nan lavi ou. Itilize mwayen kip a danjre pou w degaje kòlè w yo, tankou pa egzanp frape zorye sou kabann ou an, rele, kriye, pou w degaje fwistrasyon w yo lè w pou kont ou. Itilize kòlè sa w santi an kòm yon enèji pou w rezoud yon pwoblèm ki mande w enèji.
- Anpil viktim jwenn èd lè y al pale ak lòt moun ki te viktim menm jan avèk yo. Moun sa yo fòme gwoup k ap sipòte ak ede youn lòt pou yo kapab jwenn fòs ak kouraj pou yo kontinye avanse.
- Chèche jwenn fòs pou w rebati lavi ou epi pou w ede lòt moun fè menm jan avèk ou.
- Di tèt ou verite: Bondye renmen w kèlkeswa sa ki rive w nan lavi ou.

- Priye pou w ka jwenn soulajman nan tout sitiyasyon ki gen doule, wont, ak lè w santi w antò. Priye pou w jwenn fòs pozitif, pou w jwenn detèminasyon, avèk fòs volonte pou w fè fas kare ak nenpòt bagay ki rive w nan lavi w, epi pou w toujou ap chèche yon lavni ki pi bon. Kite Bondye, limenm, li ede w nan tout movèz sitiyasyon yo.

Gen anpil moun atravè tout glòb lan k ap eseye fini ak krim kadrejak ak esklavaj, epi y ap priye pou ak lòt moun k ap souffri. Yo tout, menm jan avèk nou, wè w tankou yon ki gen kouraj, ki siviv, epi ki san repwòch. Nou ekri priyè lanmou sa yo pou w kapab jwenn gerizon,

Nou se sè w nan "Anglican Women's Empowerment"
(Puisans Pou Fanm Anglican yo)

Pou tout sa ki konsène lèt sa a, pran kontak avèk «Anglican Women's Empowerment», voye email ban nou nan «awetoday@gmail.com». Si w bezwen enprime plis kopi lèt sa a, vizite nou nan «www.anglicanwomensempowerment.org».